


ANN BAY LODYANS 13

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.



AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Inivèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
2000

YON LWIJANBOJE

Vwala se te yon nèg ki rele Telisfò. A! se pa yon nèg ki pote pantalon l pou bèl twal. Li tafyatè, li vòlè. Kanta pou kriminèl, pa gen tankou l. Men tou, nèg sa a gen yon fòs djab sou li. Nan zòn Twouboumbe, yo te tèlman konn sa mouche peze, pyès moun pa t brave danje pou ta deranje l nan sa l ap fè. Telisfò mèt vòlò zafè ou, di yon mo si ou kapab. L a fè ou peye sa chè. Bèt ap pèdi, moun ap mouri, tout moun konn kilès, men pa gen yon nonm ki gen gason sou li pou ta nonmen non Telisfò. Mete sou sa, wa wangatè paw! Pwovèb la di “Konplo pi fò pase wanga,” se pa devan Telisfò. Ti zòrèy di mouche konn tounen tout bèt lè solèy kouche.

*Sa ki santi l
gason,
vin manyen mi!*



Yon lè, te gen yon demwazèl ki te rele Erèz. Se te yon fanm granchire, ki pa respekte pèpap. Yon jou konsa, m pa konn kouman, manmzèl fè pèdi kat marenn li pou nan djòl long ak Telisfò. Nan denmen, yon sèl rèl pete nan kanton an. Ou ap

mande sa k genyen? Enben, se manmzèl Erèz ki kase kòd. Mò a pa menm ka tann vennkat trè. Yo blije mennen l ale san seremoni. Bagay sa a pote vantfèmal nan zòn lan. Tout moun te konn kilès ki fè kou sa a, men pèsonn pa t ka di krik! Men, kon yon vye tonton nan zòn lan te konn di souvan, “Nanpwen lapriyè ki pa gen amèn.”

Yon jou, Telisfò tonbe pip! Li mouri. M pa bezwen di ou jan nouvèl sa a te gaye kè kontan nan zòn lan. Ou pa bezwen mande, yon bandi, yon vòlè, yon ansasen tankou Telisfò, ki kote l ale. Mouche al tou dwat nan lanfè. Depi jou sa a, kalvè djab nan lanfè yo kòmanse. Se vòl sou vòl, atanta sou atanta. Nou konnen nan kèk zòn nan peyi a, lè yon moun mouri, yo konn voye l ale ak yon zouti. Si moun lan te yon bon abitan, yo konn mete manchèt li bò kote l. Si l se yon pastè, yo voye l ale ak Bib li. Kanta pou Telisfò, madanm li te pran prekosyon l, li pa kite anyen dèyè. Mouche ale ak ni jwèt zo li, ni kat li, ni boutèy tafya, menm ti bout tanbou a li pa bliye mete.

Konsa, kon mouche rive anwo a, li tabli yon jwèt zo ak yon jwèt kat, ansanm ak yon konmès kleren. Sa fè, pyès travay pa ka fèt paske lè djab yo pa sou, yo nan jwèt zo. Lè Telisfò bouke, li monte sou tanbou li. Ti djab kon gwo djab, tout antre

nan won. Tout aktivite bloke. Djab yo ap plenyen, men se plenn nan kè. Tout moun konnen Telisfò pa manje anyen k frèt. Menm Lisifè about, sityasyon an ba l tèt fèmal. Lanfè pa yon pansyon. Sa pa ka dire ankò. Fòk yo jwenn yon solisyon.

O! o! pandan y ap fouye pou jwenn yon solisyon, Telisfò sispèk gen yon konplo k ap mare kont li. Konsa li kòmanse mare pwen l pou bay Lisifè yon panzou. Yon senmenn pa pase, Lisifè leve, epi devan papòt chanm li, li jwenn yon poul nwa ak yon kwa digo sou lestonmak li. Yon sèl kolik pran l. Ou pa menm bezwen mande m kilès ki te fè wanga sa a. Tout moun pè. Otorite yo di sa se twòp, nonm sa a se yon danje piblik. Fòk yo jwenn bout li.

Depi Telisfò vini an, lanfè a vin tounen yon peyi pleziyis. Abitan yo pwofite fè parese. Men tou, Telisfò pa kite yo gen anyen, menm bout sigarèt pa ka rete. Sa ki pi rèd, se chak jou yon moun tonbe malad. E ou deja konnen, nan lanfè gen soufri, men pa gen mouri. Kidonk, soufrans la vin pi di. Alafen, tout moun mete yo dakò, y ap voye mouche tounen nan peyi l. Choz di, choz fèt. Yo pimpe Telisfò anba.

Se konsa yon apremidi, Telisfò debake nan Twouboumbe, nan mitan yon maryaj. Monpè di pye

sa m manje m pa ba ou. Lemarye vole gagè, lamarye kouri. Papa sove kite madanm, manman pati kite pitit. Tout moun met van nan vwèl yo.

Kote ou konn tande sa? Pou menm lanfè refize yon kretyen vivan! Depi lè sa a, zòn lan tounen yon dezè. Santan te pase anvan Telisfò vin mouri tout bon. Men jous jounen jodi a, gen gason kanson ki menm pè pase la. Gen moun ki di, plen minwi, yo konn wè zonbi mouche nan zòn lan. M pa ka di ou si se vre, paske mwen menm tou, pa gen anyen ki pou fè m ale yon kote madichonnen kon sa.

Mari Dyevela Seza

ZÒRÈY YON PYAS

Yon jou, gen yon moun fou ki al konfese. Lè l rive devan pè a, apre li fin fè sinakwa, li mete bouch li nan zòrèy gòch pè a. Li di: “Monpè, ban m yon pyas sou ou la, souple.” Pè a di: “M pa tande sa ou di mwen la.”


Nèg fou a menm ale nan lòt zòrèy pè a. Li di: “Monpè, ban m yon dola sou ou la, souple.” Pè a reponn: “A non, monchè, pito ou tounen nan zòrèy yon pyas la.”

YON BON TI FOUMI

Te gen yon moun yo te mete nan prizon. Yo te mete msye nan yon ti kacho pou kont li. Msye te tris, msye te annwiye. Li pa t konn sa pou l fè. Jou yo t ap pase tou dousman. Epi, yon jou swa, kisa li wè ki rive? Yon bon ti foumi tou piti. Msye fè konnesans ak li epi, piske pa t gen anyen dòt pou l fè, li te kòmanse montre ti foumi an pale kreyòl. Epitou, apre ti foumi an te rive pale kreyòl kou rat, msye tonbe montre li pale franse, epi angle, epi panyòl, epi menm chinwa.

Tan an ap pase. Anfen yon jou maten yo vini di msye a li gen dwa soti nan prizon. Se pa ti kontan li te kontan! Konsa li te pran ti foumi li a, e li kite prizon an prese prese. Li di nan tèt li: “Kounye a m kab fè yon bèl fòtin ak ti zanmi m foumi an. M ka ale montre li toupatou, konsa y a ban m anpil anpil kòb.”


Msye a te sitèlman kontan, premye bagay li te fè apre li soti, se te ale nan yon ti ba. Touswit li di bamann lan: “Monchè, ou wè ti foumi sa a?” Tap! Epi bamann lan di: “Ki foumi sa a?”



Tonton Liben, Kannzas

LÈT TOWO BÈF

Yon jou wa a rele Tijan, li di l: “Tijan, m gen yon towo bèf ki gen sèt lang ak kat kòn. Se yon bèf mechan li ye. Depi ou rive kote l, l ap seye manje ou. Li mare nan bwa a. Al demare l, epi mennen l ban mwen.” (Sa k fè wa a di sa, se paske l vle bèf la vale Tijan.)



Enben, manman Tijan te ba l yon bèl kouto file. Bon, l al kote towo bèf la. Bèf la glise premye lang li pou l vale Tijan. Flap! Tijan koupe l. Li glise dezyèm lan, Tijan kloup! Li koupe l. Epi li koupe tout lang yo ak tout kòn yo. Epi li mennen l bay wa a.

Wa a di l: “Jan towo bèf sa a mechan, Tijan, ou gen kouray pou ou pran l. Konsa, m ap ba ou l, pou ou al lakay ou avè l. Men, se pou ou al tire l pote lèt la ban mwen.” Tijan di wi, epi l ale lakay li avè l.

Nan denmen maten bonè, Tijan parèt anba fenèt wa a. L ap koupe bwa. Wa a tande yon moun k ap

frape nan pyebwa a. Li mande: “Ki moun ki la?”
“Se mwen menm, Tijan, wi.” Wa a di: “Sa ou ap fè la?” Tijan reponn: “Se fèy m vin chache pou papa m ki gen tranche.”

Wa a di l: “Enbesil, kote ou konn tande gason konn an maldanfan?” Tijan reponn: “Enben, wa, kote ou konn tande towò bèf konn bay lèt?”

Se te pase m t ap pase nan manje yo t ap fè a, yo ban m pen nan boutèy ak diven nan panye banbou.

LOTRI A

Pitit: Papa, m grangou. Vant mwen pa plen. Manje a pa kont pou mwen.

Papa: A pitit mwen, fò ou reziyen ou. M fèk pran yon biyè nan lotri a. Lè mwen jwenn boul la... A, pitit mwen!

Pitit: Sa ou apral fè lè sa a, papa?


Papa: Lè sa a, se Pari, se manje nan gran restoran, se bwè chanpay, se bèl fanm!

Pitit: Men, si boul la pa tonbe, papa?

Papa: Lè sa a, pitit mwen, se lakay, se kasav, se kleren, se manman ou.

PAPIYON AK DEMWAZÈL

Se te yon maten Lasenjan, nan mòn Kenskòf. Yon ti papiyon te fèk fèt. Li te konnen se pou l mouri, pou l fèmen ti je l nèt aswè. Aswè te lwen... Li t ap vole moute desann nan ti van fre Kenskòf. Solèy te fèk leve. Bèl ti papiyon tou jòn lan t ap bat zèl li pre yon flè jòn. Tèt li fourè nan kè flè a, li t ap bwè lawouze ladann, li t ap souse ti poud jòn lan. Ti papiyon an te lejè, lè a te pi lejè pase l. Ti papiyon an t ap bat zèl li.




Lò li fin bwè jouk tan tèt li vire ak tout likè l te bwè nan kè flè yo, l al poze sou ti flè jòn lan. Li t ap dòmi, van an pouse l. Li vole sou yon ti glayèl, li bwè ankò, li manje tou. Li te konnen si l pa t prese, li ta mouri san l pa konnen tout frechè lawouze Kenskòf.

Yon demwazèl vole kote l, yon demwazèl ak bèl ti zèl. Yo te si fen, lè l pase devan je ti papiyon an, angiz yo bouche solèy la, se te tankou si bèl zèl yo te fèt ak ti moso solèy. Te fè fre, ti zèl yo moute

jouk anwo pou yo pran solèy. Tanzantan ti bèt la desann, ou kwè l anba, li deja moute, ou kwè l anwo, li deja ap bwè.

Papiyon an vole kote l, y al pwonmennen kote fè fre, pi fre ankò pase atè. De ti kè yo te plen solèy.



Papiyon an di li renmen l, demwazèl la di l li renmen l. Y al poze sou ti glayèl la, yo bwè wouze, yo koze. Papiyon an di l: “Mwen renmen ou, men m konnen m ap mouri aswè a. Sa rès, men kisa pou m fè?” Demwazèl la di: “Sa pa fè anyen. M renmen ou, ou renmen m tou, tout sa ki rive nou, zafè!” Yo pran vole nan jaden an, y al sou tout kalite ti flè. Midi lò solèy te cho, y al kache anba glayèl la. Demwazèl la t anvè dòmi. Papiyon santi l pre mouri, li santi aswè ap vini. Li di zanmi li: “M ap mouri...” Lòt la di l: “Chagren va touye m, san ou, m va mouri touswit...” Ti papiyon jòn lan pran fòs nan fon je bèl demwazèl la.

Solèy t ap kòmanse desann, menm flè yo pa t si bèl ankò. Papiyon santi l bouke vre, li fè yon ti jefò ankò. Y al poze sou ti flè jòn lan...

Yon ti zwazo ki t ap pase pike sou yo. Ak yon kout bèk, li touye youn, li vale lòt. Li kite sou ti flè jòn lan yon ti moso zèl ki te jòn ak yon lòt ki te plen solèy.

Chal Fènan Preswa, *Sèt Powèm Ki Soti Nan Mòn*

PI GWO MOSO A

Vwala se de frè yo te envite nan yon maryaj. Malchans pou yo, lè yo rive nan nòs la, resepsyon an te gentan fini. Men chèf kanbiz la fè yo chita, l al chache yon moso gato pou yo. Kòm li pran tan pou l vini, youn nan frè yo leve al pipi. Pandansetan, chèf kanbiz la vini ak de moso gato, yon gwo ak yon piti.

Frè ki te chita nan sal la pran gwo moso a. Enpi, lòt ki te deyò a vin rantre. Li wè sa, li di: “Ou pa serye, monchè. Ou pwofite m soti, ou pran gwo moso a pou ou.” Lòt frè a reponn: “Si se te ou menm, kilès ou t ap pran?” Mouche di: “M t ap kite pi gwo moso a pou ou.” Lòt la di: “Enben monchè, ou pa bezwen fache! Moso ou t ap kite pou mwen an, se li menm m pran.”

Jan Wobè Jak, Pòtoprens

LOUGAWOU A AK TIBWA



Nan yon ti bouk bò lakay mwen, lavi a t ap koule byen dous. Tout moun te gen konfyans nan lòt moun. Men vwala vin gen yon granmoun fanm ki te rele Silfida ki debake nan zòn lan ak yon tifi ki bèl tankou yon prensès. Depi lè sa a, tout bagay chanje: zafè moun tonbe pèdi. Tout moun ap poze tèt yo keksyon.

Gen yon moun ki di: “Frè Siyis, ou pa tande yon koze? Lòtjou, Ton Ma te kouche, li tande yon pòt frape. Lè l leve pou l fèmen l, li tande bri yon bale. Denmen maten, li wè manke yon kabrit. Yon lòt lè Swarina tande bri bale a ankò. Lè l leve, li jwenn tibebe l la mare nan pye kabann lan, epi tout lèt li chèch. Se pa ti koze, non!”

Frè Siyis di: “Bon. Kite kantik pran priyè. Ou wè vye granmoun fanm ki rete bò bayawonn yo? Li pa janm al nan mache, li pa gen jaden. Ak kisa li viv? Yo di tout bagay ki pèdi yo, se li k vòlè yo. Ou konn sa yo di? Se yon lougawou li ye, wi! Epi sa ki pi rèd, li gen yon bèl tifi lakay li l ap grese, pou l manje.”

Mezi jou ap pase, moun nan zòn lan ap vin pi pè. Depi li lannwit, tout timoun blije rantre. Tout moun anba lapèrèz. Men erezman te gen yon jenn gason ki rele Tibwa ki pa pran nan kapon. Li deside fòk li kenbe manmzèl. Yon swa tout moun te gentan dòmi. Li soti, l al kache dèyè kay manmzèl. Kon l minwi, li tande granmoun lan k ap chante: “Po m, dekole, non, po m, tanpri, dekole!”

Ti nonm lan ap gade nan twou pòt la. Li wè tout po madanm lan dekole, li sot tonbe atè a tankou yon rad. Li tande yon bri bale, pay ki kouvri kay la leve, epi fanm lan



vole soti nan fetay kay la tankou yon zwazo. Ti nonm lan sezi, li di: “Mezanmiiiiiii! Moun yo gen rezon pè fanm sa a. M ap regle koze l.” Konsa Tibwa tounen lakay li, san li pa di pèsonn anyen.

Pandan tout tan sa a, tifi a ki bèl tankou yon prensès, ap dòmi san li pa janm konnen anyen. Li fe rèv, yon ti papiyon vin di l: “Degaje ou pou

sove. Granmoun sa a pa manman ou. Se grese l ap grese ou pou l manje ou.” Lè tifi a reveye, li te tris. L al gade nan chanm lan, li jwenn madanm lan kouche nan kabann li. L ap reflechi: “Pou byen Silfida fè pou mwen, fò m ta engra pou m ta koute yon vye papiyon pou sove kite l. Mwen p ap fè yon pa.”

Nan apremidi, madanm lan di tifi a: “Fifi, foubi chodyè, file kouto, pile epis, paske mwen pral gen vyann.” Lannwit rive, yo toude al dòmi. A minwi, madanm lan wete po l, li mete l nan yon pilon, epi l soti.

Tibwa te kache deyò a, byen pare pou li. Li tann li soti, li louvri pòt la, li pran po a pou sizonnen l ak piman. Tifi a sote nan dòmi, li leve, li jwenn nèg la nan chanm lan: “Sa ou ap fè la?” Lè l vire je l, li wè po granmoun lan atè a. Li pran tranble. Nèg la di l: “Matant ou se yon lougawou. Vin ede m sizonnen po a.” Tifi a di: “Jamè! Matant mwen fè twòp bagay pou mwen.” Nèg la reponn: “Enben, ou a kite sòt. Ou pa wè se grese l ap grese ou pou l manje ou? Gade, ou a wè.”

Pandan mesyedam yo ap diskite konsa, yo tande yon bri bale, fetay kay la louvri, yan! Epi granmoun lan vin poze nan mitan chanm lan. Li

di yo: “Sa n ap fè la, bann timoun fwonte! Mwen pral manje nou toude.” Li fonse sou yo. Tibwa antre anba kabann lan, floup! Li pran piman pile a ki te vlope nan yon fèy bannann nan pòch li, epi li pran fwote l nan po lougawou a.

Silfida kontinye di: “Ti gason, ban m po m. Si ou pa ban m po m, m ap manje ou, wi. Ou menm, Fifi, m pral dechire ou, m pral filange ou, m pral devore ou! Ay, pou dat m ap grese ou, jou a rive. Vini, vini, ti vyann mwen.”

Tifi a kouri al nan kizin lan, li pran yon ponyen nan epis granmoun lan te di l pile a. Lè l ap antre nan chanm lan, lougawou a plonje sou li. Li badijonnen tout figi l ak piman epi li floup! Li antre anba kabann lan al jwenn Tibwa. Yo voye po a laba, fanm lan pran l, li foure l sou li. “Po m, po m cheri, poukisa ou ap pike m konsa?” Chak fwa granmoun lan mete po a sou do l, li blije kouri wete l, tèlman li pike l.

Pandan sa, jou ap pwente. Solèy la vin leve, madanm lan te fèbli. Tibwa lonje tèt li, li wè lougawou a blayi atè a ak po l kenbe nan men l. Fifi t ap tranble toujou tèlman li te pè. Yo soti anba kabann lan men nan men. Li di Tibwa: “Mèsi, zanmi m, si se pa t ou menm, lougawou a t ap

manje m. Ou pa t pè? Ou te ka mouri, wi!” Tibwa reponn: “Se pa anyen, sa. Kisa m pa ta fè pou yon bèl tifi tankou ou...”

Anfen tout moun kontan. Epi, mwen menm, yo ban m yon sèl pousad. Se konsa mwen tonbe isit la pou m rakonte ou ti istwa sa a.

Mari Dyevela Seza

KAY KWAFÈ

Yon nèg al kay yon kwafè. Lè l rive, li mande konben moun ki la anvan l. Bòs kwafè a reponn: “Se sis, wi.” Nèg la di ankò: “Enben, ou poko prèt pral fini la. M al fè wout mwen.”

Kèk jou apre, nèg la tounen kay bòs la, li poze l menm keksyon an. Apre sa, l ale. Nan denmen ankò, nèg la fè menm bagay la. Konsa konsa, kwafè a vin sispèk. Kisa nèg la ap manniganse konsa? Yon jou li tann kon nèg la ale, epi li di yon apranti ki te la avè l: “Tanpri, kouri dèyè nèg sa a ki fèk sot la pou wè ki bò l prale.”

Kon apranti a tounen, bòs la mande l: “Enben, ki kote ou te wè l ale?” Apranti a reponn: “Lakay madanm ou, wi.”

Boni Janbatis